




Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Aja Dijupuki, Ya!

Jangan Diambili, Ya!

Penulis: Yogalih Sangaulia Prihambada

Ilustrator: Eros Rosita



B3



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Aja Dijupuki, Ya!

Jangan Diambili, Ya!

Penulis: Yogalih Sangaulia Prihambada
Ilustrator: Eros Rosita

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia
Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Aja Dijupuki, Ya!
Jangan Diambili, Ya!

Penulis : Yogalih Sangaulia Prihambada
Ilustrator : Eros Rosita
Penerjemah : Yogalih Sangaulia Prihambada
Penyunting : 1. Bahasa Jawa: Galang Prastowo
2. Bahasa Indonesia: Nuryantini
Penata Letak : Eros Rosita

Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto Penerbit

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah Republik Indonesia

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN: 978-623-388-696-3

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Arkipelago
ii, 17 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.

Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi

Ésuk kuwi kahanan alas
Tompak lan Jatimulyo sarwa
asri. Kacer ngocèh cemruwit.
Pitik Alas uga kluruk sesautan.
Swara Kacer lan Pitik Alas dadi
pratandha wis ésuk. Swara iku
sing dadi tetenger Mbah Ngadi
kudu makarya. Semana uga
Wanda kudu gagé mangkat
sekolah.

Pagi itu suasana hutan Tompak
dan Jatimulyo sangat asri.
Kacer senantiasa berkicau,
Ayam Hutan juga berkokok
bersahutan.

Suara Kacer dan Ayam Hutan
menjadi pertanda hari beranjak
pagi. Suara hewan tersebut
menjadi isyarat Mbah Ngadi
harus bekerja. Begitu pula
dengan Wanda yang harus
bergegas berangkat sekolah.



Kacer nduwèni susuh ing wit cengkèh ngarep dalemé Mbah Ngadi. Kacer weruh Mbah Ngadi arep ngarit banjur ngomong.

“Sugeng énjing, Mbah, nyuwun idin nyusuh nggih.”

Mbah Ngadi nuli ndangak nuju ing wit cengkèh. Mbah Ngadi bisa ngertèni basané kéwan.

“Woalah Ya Cer, Mangga,” sinambi mèsèm.

Kacer mempunyai sarang di pohon cengkeh yang berada di depan rumah Mbah Ngadi. Kacer melihat Mbah Ngadi hendak pergi mencari rumput lalu berkata.

“Selamat pagi, Mbah, saya meminta izin untuk bersarang ya.”

Mbah Ngadi kemudian mendongak ke arah pohon cengkeh. Mbah Ngadi bisa mengerti bahasa hewan.

“Woalah Ya Cer, Silakan,” seraya tersenyum



Ora let suwé, Wanda metu saka njero omah. Wanda iku putuné Mbah Ngadi sing rada mbeling. Wanda iku bocahé ora pati seneng kéwan.

“Wonten menapa ta, Mbah?” pitakoné Wanda.

“Kuwi LÉ, ana manuk Kacer nyusuh,” Mbah Ngadi mangsuli.


Tidak lama kemudian, Wanda keluar dari dalam rumahnya.

Wanda adalah cucu dari Mbah Ngadi yang sedikit bandel.

Wanda adalah anak yang tidak terlalu suka dengan binatang.

“Ada apa, Mbah?” Tanya Wanda.

“Lihatlah itu Nak, ada burung Kacer yang bersarang” Jawab Mbah Ngadi.



Wanda banjur menyang sekolah. Turut ndalan, Wanda mbatin.

“Wah mengko bali sekolah arep tak jupuk waé susuhé,” mangkono batiné Wanda.

Wanda kemudian bergegas berangkat ke sekolah. Sepanjang jalan, Wanda berkata dalam hati.

“Wah, sepulang sekolah nanti akan aku ambil saja sarang itu” begitulah kata hati Wanda.



Tumekané awan, manuk Kacer ngelih.

Kacer banjur mabur lunga golek pangan ing alas. Susuhé ditinggalaké ora ana sing njagani.

Tibalah siang hari, burung Kacer merasa lapar.

Kacer kemudian bergegas terbang mencari makan di hutan. Sarang Kacer ditinggalkan tanpa ada yang menjaga.



Wanda bali saka sekolah.
Sawisé ganti, Wanda
langsung mènèk uwit cengkèh.
Kekarepané Wanda yaiku
njupuk susuhé Kacer.

“Wah,...ana endhogé telu!”
jerité Wanda kanthi bungah.

Wanda pulang dari sekolah.
Setelah berganti pakaian,
Wanda langsung memanjat
pohon cengkèh. Keinginan
Wanda yakni ingin mengambil
sarang Kacer.

“Wah,...ada telurnya tiga
butir!” kata Wanda dengan
gembira.



Saka ndhuwur pang jati, Pitik
Alas ngemataké tumindaké
Wanda.

Tumindaké Wanda bakal
dilapuraké marang Kacer lan
Mbah Ngadi.

Dari atas dahan jati, Ayam
Hutan memperhatikan
perbuatan yang dilakukan
Wanda.

Perbuatan Wanda akan
dilaporkan kepada Kacer dan
Mbah Ngadi.



Manuk Kacer mulih menyang susuhé.

“Néng ngendi susuhku!, néng ngendi susuhku!” Kacer bingung. Kacer mabur ngubengi wit cengkèh.

Mbah Ngadi mulih ngarit nuli takon ana prastawa apa marang Kacer. Kacer ngandharaké yèn susuhé ilang.

Burung Kacer kembali ke sarangnya.

“Di manakah sarangku? Di manakah sarangku?” Kacer kebingungan. Kacer pun terbang mengelilingi pohon cengkeh.

Sepulang mencari rumput, Mbah Ngadi bertanya kepada Kacer mengenai peristiwa yang terjadi. Kacer menjelaskan jika sarangnya telah hilang.



Pitik Alas celathu “Susuhmu dijupuk Wanda Cer.”

“Tenané? Tulung balèkaké! Huhuhu,” Kacer nangis.

Mbah Ngadi ngendika “Coba tak takonané bocahé.”

Mbah Ngadi mlebu dalemé, nggoleki Wanda. Nanging, Wanda ora gelem ngakoni yèn wis njupuk susuhé Kacer.

Ayam Hutan berkata “Sarangmu telah diambil Wanda, Cer.”

“Benarkah?. Tolong kembalikanlah! Huhuhu!” Kacer menangis.

Mbah Ngadi berkata “Coba saya tanyakan ke anak itu.”

Beliau kemudian masuk ke rumah dan mencari Wanda. Akan tetapi, Wanda tidak mau mengakui jika telah mengambil sarang Kacer.



Pitik Alas nduweni panemu.
“Aku ngerti piyé carané.”

“Kepriyé?” Kacer sinambi
nyedhaki Pitik Alas.

“Ngéné,...,” Pitik Alas
ngandhani klesik-klesik.

Pitik Alas pancèn seneng
tetulung kanca sing lagi susah.
Kabèh dianggep sedulur
nunggal rasa. Paribasan *dudu
sanak dudu kadang yèn mati
mèlu kélangan*.

Ayam Hutan mempunyai
ide. “Aku tahu bagaimana
caranya.”

“Bagaimana?” Kacer mendekati
Ayam Hutan.

“Begini,...” Ayam Hutan
memberitahukan dengan
berbisik.

Ayam Hutan memang suka
menolong teman yang sedang
kesusahan. Semua dia
anggap saudara satu rasa.
Seperti peribahasa senasib
sepenanggungan.



Ésuké, Pitik Alas lan Manuk Kacer ora ana sing kluruk lan ngocèh. Kabèh sarujuk meneng, ancasé supaya Wanda kawanen anggonè mangkat sekolah.

“Wélah aku kawanen!” bengoké Wanda gragapan. Wanda wis cetha bakal oleh ukuman ing sekolahan.

Keesokan paginya, Ayam Hutan dan Burung Kacer tidak ada yang berkokok dan berkicau. Semua sepakat untuk diam, agar Wanda terlambat berangkat sekolah.

“Astaga, aku kesiangan!” teriak Wanda terjaga dari tidurnya.

Wanda sudah dipastikan akan mendapatkan sanksi dari sekolah.



Mulih sekolah, Wanda
thethenguk ing téras.

“Mau kèri ya, Le, anggonmu
mangkat sekolah ?” pitakoné
Mbah Ngadi.

“Nggih Mbah, amargi boten
wonten swara-swara kéwan
kados adaté,” wangsulané
Wanda nglentruk.

Saka kadohan Kacer lan Pitik
Alas cekikikan. Kekaroné bisa
kasil nggawé kapoké Wanda.
Wanda wis *ngundhuh wohing
pakarti*.

Sepulang sekolah, Wanda
duduk di teras.

“Apakah kamu tadi terlambat
berangkat sekolah, Le?” tanya
Mbah Ngadi.

“Iya Mbah, karena tidak ada
suara-suara binatang seperti
biasanya,” jawab Wanda lesu.

Dari kejauhan Kacer dan Ayam
Hutan tertawa. Keduanya
berhasil membuat jera
Wanda. Wanda sudah menuai
perbuatannya sendiri.

“Mula kuwi aja seneng ngrusuhi kéwan ya, Lé” ngendikané Mbah Ngadi.

“Dadiya bocah sing bisa *memayu hayuning bawana*,” sambungé Mbah Ngadi.

“Inggih Mbah. Kula kapok,” Wanda manthuk.

“Maka dari itu Le, janganlah suka mengganggu binatang!” kata Mbah Ngadi.

“Jadilah anak yang bisa menjaga dan melestarikan alam dunia!” sambung Mbah Ngadi.

“Iya, Mbah, saya kapok,” Wanda mengangguk.



Wusanané, Wanda mbalèkaké
susuh Kacer ing panggonané.

Wanda banjur kapok ngrusuhi
kéwan. Wanda uga janji yèn
bakal nggawé lestari. Manuk
Kacer lan Pitik Alas Menorèh
kanthi cara ora njupuki
endhogé.

Akhirnya, Wanda
menggembalikan sarang Kacer
ke tempat semula.

Wanda jera mengganggu
binatang. Dia juga berjanji
untuk membuat lestari Burung
Kacer dan Ayam Hutan
Menoreh. Hal itu dilakukan
dengan cara tidak mengambil
telurnya.



Glosarium


Memayu Hayuning Bawana: njurung, njaga, lan
nglestarekake dunya

Biodata



Penulis dan Penerjemah

Yogalih Sangaulia Prihambada atau yang akrab dipanggil dengan Yoga Aulia / Angga lahir di Kulon Progo, 18 September 2000. Latar belakang pendidikan penulis, mengambil jurusan Pendidikan Bahasa Jawa S-1 di Universitas Negeri Yogyakarta dan saat ini tengah menempuh S-2 di salah satu perguruan tinggi negeri di Yogyakarta. Yoga Aulia / Angga menjadi salah seorang penulis muda yang inspiratif dan sering mengikuti berbagai event kepenulisan baik Kabupaten, Provinsi maupun Nasional. Gaya yang sering diangkat dalam tulisan-tulisannya banyak bernafaskan dunia dongeng fiksi anak-anak dan cerkak (cerpen) kehidupan sehari-hari yang lekat dengan nuansa fiksi keseharian serta kesederhanaan namun memuat nilai-nilai esensi keteladanan kehidupan yang mendalam. Penulis dapat dihubungi via Instagram : @yogaaulia_ email : yogaaulia85@gmail.com dan WhatsApp : 082324458810.



Penyunting Bahasa Jawa

Galang Prastowo yang kini mengajar di salah satu universitas di Yogyakarta dulunya merupakan guru SD. Sejak menjadi guru SD inilah Ia menyukai sastra anak hingga kini.



Penyunting Bahasa Indonesia

Nuryantini, biasa dipanggil Nur, lahir dan bertempat tinggal di Kalikebo, Trucuk, Klaten. Sejak Januari 2005 hingga sekarang, ia bekerja di Balai Bahasa Provinsi DIY (staf KKLP Kamus dan Istilah). Nuryantini merupakan alumni PBSI (Pendidikan Bahasa dan sastra Indonesia) Universitas Negeri Yogyakarta. Ia bisa disapa melalui posel nurysutopo1@gmail.com.



Ilustrator

Eros Rosita, bekerja sebagai graphic designer dan layouter di salah satu penerbit. Suka membuat ilustrasi dan sesekali menulis cerita pendek. Beberapa karyanya sudah terbit di laman Balai Bahasa. Eros bisa disapa melalui Instagram @_aoshy

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Memayu Hayuning Bawana satwa ing alas Tompak lan Jatimulyo Girimulyo, Kulon Progo. Sekirane ukara kasebut sing bakal diugemi lan ditindakaké Wanda saterusé. Wanda wis kapok sakapok-kapoké nggoné ngrusuhi satwa saka Perbukitan Menorèh. Saka prastawa iku, satwa ing Perbukitan Menorèh bisa urip ayem, tentrem, lan lestari. Wadhuh, kira-kira ana prastawa apa ya? Satwa Perbukitan Menorèh apa sing kasil njalari Wanda dadi tresna marang satwa?.

Ayo! kanca-kanca nuswantara, maca lan nyemak crita sing gayeng lan seneng iki bebarengan lumantar crita “**Aja Dijupuki, Ya**”.

Salam Literasi.

Menjaga kelestarian alam, satwa di hutan Tompak dan Jatimulyo Girimulyo, Kulon Progo. Kiranya kalimat tersebut yang akan dipatuhi dan dilaksanakan Wanda ke depannya. Wanda sudah jera sejadi-jadinya mengganggu satwa dari Perbukitan Menoreh. Semenjak peristiwa itu, satwa di Perbukitan Menoreh bisa hidup dengan damai dan lestari. Waduh..., kira-kira ada peristiwa apa ya? Satwa Perbukitan Menoreh apa yang berhasil membuat Wanda menjadi penyayang binatang?

Ayo! Teman-teman Nusantara, baca dan simak cerita yang asyik dan menyenangkan ini bersama cerita “Aja Dijupuki, Ya!”.

Salam Literasi.



**Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024**